दिन– रविवार दिनांक–22.12.2024

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि वीडियो कॉन्फ्रेंस द्वारा नव नियुक्त एकहत्तरि हजार सँ बेसी युवा सभ के नियुक्ति पत्र सौंपताह। एहि मौका पर प्रधानमंत्री लोकसभ के संबोधित सेहो करताह। ई नियुक्ति– गृह मंत्रालय, डाक विभाग, उच्चतर शिक्षा विभाग सहित केन्द्र सरकारक कतेको मंत्रालय आओर विभाग मे देल जा रहल अछि। एहि लेले देश भरि मे पैंतालीस ठाम रोजगार मेला आयोजित कयल जायत। रोजगार मेला, रोजगार सृजन के शिर्ष प्राथमिकता देबाक प्रधानमंत्रीक वचन के पूरा करबाक दिशा मे एक डेग अछि। ई राष्ट्र निर्माण आओर स्वरोजगार मे युवा सभक भागीदारीक मौका देत।

---

केन्द्रीय उपभोक्ता संरक्षण प्राधिकरण– सी.सी.पी.ए. संघ लोक सेवा आयोग परीक्षा दू हजार तैईसक परिणाम सँ जुड़ल मिथ्या– भ्रामक विज्ञापन करयवला कोचिंग संस्थानक खिलाफ कार्रवाई शुरू कऽ देलक अछि। सी.सी.पी.ए प्रतियोगिता परीक्षाक कोचिंग कराबयवला एक संस्थान पर दू लाख टाकाक जुर्माना लगौलक अछि। उपभोक्ता कार्य मंत्रालय जनौलक अछि जे कोचिंग संस्थान भ्रामक विज्ञापन शीघ्रहिं बंद करय। मिथ्या आओर भ्रम फैलाबयवला विज्ञापन सँ उपभोक्ता सभक अधिकारक हनन होयत अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार काल्हि पश्चिम चंपारणक वाल्मीकिनगर सँ अपन प्रगति यात्रा शुरू करताह। एहि लेल प्रशासनिक तैयारी अंतिम चरण मे अछि। संतपुरक कदमहिया गाम मे दू हेलीपैड बनाओल जा रहल अछि। बगहाक पुलिस अधीक्षक सुशांत कुमार सरोज जनौलनि अछि जे सुरक्षा–व्यवस्था के देखैत डेढ़ सय अधिकारी आओर पांच सय जवानक टीम तैनात कयल गेल अछि। हमार संवाददाता जनौलनि जे मुख्यमंत्रीक यात्रा के लऽकऽ जीविका समूह सँ जुड़ल महिला आओर आँगनबाड़ी सेविका सभक बीच बेसी उत्साह देखल जा रहल अछि। मुख्यमंत्री श्री कुमार प्रगति यात्राक पहिल चरण मे तैईस सँ अठाईस दिसम्बर धरि पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण, शिवहर, सीतामढ़ी आओर मुजफ्फरपुर जिलाक दौरा करताह।

---

उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी जनौलनि अछि जे बिहार एन.डी.ए मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के लऽकऽ कोनो भ्रम नहि अछि। नव दिल्ली मे पत्रकार सभ सँ गपशप करैत श्री चौधरी जनौलनि जे केन्द्र मे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आओर राज्य मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार एन.डी.एक चेहरा छथि। ओ जनौलनि जे अगिला विधानसभा चुनाव सेहो हिनका सभक नेतृत्व मे लड़ल जायत।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एहि मासक उनतीस तारीख कऽ दिनक एगारह बजे आकाशवाणी सँ मन की बात कार्यक्रम मे देश–विदेशक लोकसभक संग अपन विचार साझा करताह। कार्यक्रमक ई एक सय सतरहम कड़ी होयत। श्रोता सभ टॉल फ्री नंबर– एक आठ शुन्य शुन्य एक एक सात आठ शुन्य शुन्य पर कार्यक्रमक लेल अपन सुझाव पठा सकैत छथि। संगहि, नरेन्द्र मोदी ऐप या माई जीओवी ओपन फोरम द्वारा सेहो सुझाव साझा कयल जा सकैत अछि। लोकसभ सत्ताईस दिसम्बर धरि अपन सुझाव पठा सकैत छथि।

---

मधेपूराक सांसद दिनेश च्रंद यादव आओर सुपौलक सांसद दिलेश्वर कामत आइ नव दिल्ली मे केन्द्रीय पर्यटन आओर संस्कृति मंत्री गजेन्द्र सिंह शेखावत सँ भेंट–घाट कयलनि। एहि बीच, दुनू सांसद सिंहेश्वरक बाबा सिंहेश्वरनाथ मंदिर के धार्मिक कोरिडोर सँ जोड़बाक आग्रह कयलनि। मधेपूराक सांसद श्री यादव सहरसाक माँ विषहरा मंदिर दिवारी स्थान के पर्यटन स्थलक रूप मे विकसित करबाक सेहो आग्रह कयलनि अछि।

---

पूरबा हवा चलला सँ प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे तापमान एक सँ दू डिग्री सेल्सियस बढ़ल अछि। जाहि सँ बेसी ठाम न्यूतम पारा दस डिग्री सेल्सियस सँ ऊपर रहल। मौसम विभागक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक बीच रोहतासक डेहरी आओर समस्तीपुरक पूसा राज्यक सभ सँ बेसी ठंठा स्थान रहल। ई दुनू ठाम न्यूनतम तापमान आठ दशमलव पांच डिग्री सेल्सियस रहल। विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक अछि जे अगिला दू दिन धरि मौसम मे कोनो खास बदलि नहि होयत। एकर बाद प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे ठंठा बढ़ि सकैत अछि।

---

रेल पुलिस बरौनी रेलवे स्टेशनक पश्चिमी छोर लऽगऽ सँ राखल एक बैग सँ पैंतीस लीटर सँ बेसी विदेशी शराब बरामद कयलक अछि। एम्हर, अररिया जिलाक आर.एस थाना क्षेत्र सँ पुलिस छापामारि कऽ मादक पदार्थ स्मैकक संग एक तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि।

सहरसाक जिलाधिकारी वैभव चौधरी राष्ट्रीय नेटबॉल प्रतियोगिता लेल अंडर फोर्टीन बालक–बालिका वर्ग मे सहरसाक स्मृति कुमारी, राजनंदनी कुमारी आओर अंकित कुमार के सम्मानित कयलनि अछि।

मधुबनी जिलाक जय नगर प्रखंडक बेलही पश्चिमी पंचायतक बेतौनहा गाम मे भारत–नेपाल अंतर्राष्ट्रीय सीमा पर नोमेन्स लैंड लऽग सड़क बनेबाक विरोध बढ़ि गेल अछि। एहि लेल अंचलाधिकारी के चिट्ठी लिखि कऽ कार्रवाई करबाक मांग कयल गेल अछि।

---

समाप्त